

- 1 ▶ **Kesyon:** Kòman pou mwen konnen si yo pèmèt itilizasyon yon pwodui?
 a. Si ou achte yon pwodui nan yon famasi, li san danje pou ou itilize li.
 b. Yon pwodui san danje pou itilize si yo ekri sou bwat la “doping- free” (san pwodui pou dopaj)
 c. Yon pwodui san danje pou itilize si li fèt avèk plant
 d. Yon pwodui san danje pou itilize si li pa genyen okenn nan pwodui ki nan lis pwodui ki entèdi yo
Repons: d. Yon pwodui san danje pou itilize si li pa genyen okenn nan pwodui ki nan lis pwodui ki entèdi yo
Eksplikasyon: *Nenpòt lè ou swete oubyen ou bezwen itilize yon pwodui oubyen yon metòd, asire ou ou verifeye lis pwodui ak metòd ki entèdi yo. Si ou pa gen asirans sou sa ou konprann, montre famasyen an oubyen doktè a lis la epi mande yo. Ou kapab jwenn lis la sou sit entènèt WADA, oubyen sou sit entènèt Òganizasyon Nasyonal Anti-Dopaj ou (NADO: NATIONAL ANTI-DOPING ORGANIZATION) oubyen Federasyon Entènasyonal ou (IF: International Federation). Ou kapab tou kontakte NADO a oubyen IF la epi mande yo.*
-
- 2 ▶ **Kesyon:** Kòman ou kapab di si sipleman nitritif san danje pou itilize?
 a. Tout sipleman nitritif san danje pou itilize
 b. Ou pa kapab di si sipleman nitritif yo san danje pou itilize
 c. Si etikèt la ekri yo san danje
 d. Si doktè a te ba ou li
Repons: b. Ou pa kapab di si sipleman nitritif yo san danje pou itilize
Eksplikasyon: *Endistri ki fè sipleman yo pa suiv tout reglemantasyon yo, pa konsekan ou pa kapab asire ou sou pwodui/engredyan ki nan yon sipleman. Itilizasyon sipleman se toujou yon risk pou ou. Si sa ki ekri sou anbalaj la parèt twò bon pou li ta verite – li posib li genyen yon pwodui ki entèdi pou espòtif!*
-
- 3 ▶ **Kesyon:** Èske mwen kapab fè tès?
 a. Non, paske mwen se yon jinyò
 b. Non, paske mwen pa nan konpetisyon entènasyonal
 c. Wi, yo ka mande nenpòt atlèt pou li fè tès
 d. Non, paske espò mwen pratike pa yon espò ki genyen gwo risk
Repons: c. Wi, yo ka mande nenpòt atlèt pou li fè tès
Eksplikasyon: *Règ anti-dopaj aplike pou tout atlèt, nan tout espò e pou tout peyi. Pa konsekan, gen posibilite pou nenpòt atlèt fè tès.*
-
- 4 ▶ **Kesyon:** Ki sanksyon m ap jwenn si yo dekouvri mwen dope?
 a. Pa genyen sanksyon pou dopaj
 b. Pa genyen sanksyon si mwen se yon atlèt jinyò
 c. Soti nan blam rive nan entèdiksyon pou tout lavi yon atlèt
 d. Depann de moun ki te ba ou pwodui a
Repons: c. Soti nan blam rive nan entèdiksyon pou tout lavi yon atlèt
Eksplikasyon: *Sanksyon kapab genyen ladan yo anilasyon rezilta, entèdiksyon pou konpetisyon nan tout espò, sanksyon finansye, ak obligasyon pou pibliye vyolasyon ou fè sou règ ki kont dopaj, sa depann de gravite sa ou fè a.*
-
- 5 ▶ **Kesyon:** Èske antrenè mwen oubyen doktè mwen kapab jwenn sanksyon?
 a. Non, se atlèt sèlman ki jwenn sanksyon
 b. Non, sèlman atlèt ak antrenè jwenn sanksyon
 c. Non, pa genyen sanksyon pou dopaj
 d. Wi, tout atlèt ak tout manm pèsònèl sipò atlèt kapab jwenn sanksyon
Repons: d. Wi, tout atlèt ak tout manm pèsònèl sipò atlèt kapab jwenn sanksyon
Eksplikasyon: *Dapre Kòd Mondyal Anti-Dopaj (Code), atlèt yo menm jan avèk pèsònèl sipò atlèt yo kapab jwenn sanksyon pou vyolasyon règ anti-dopaj. Pèsònèl sipò atlèt yo se tout antrenè, manadjè, ajan, manm estaf, anplwaye, pèsònèl medikal oubyen para-medikal k ap travay avèk atlèt oubyen ki ap trete atlèt ki ap patisipe nan yon konpetisyon oubyen ki an preparasyon pou konpetisyon.*

6 ▶ **Kesyon:** Kilès ki genyen responsabilite lè yo jwenn yon pwodui ki entèdi nan kò yon atlèt?

- Medsen atlèt la
- Antrenè atlèt la
- Atlèt la
- Depann de moun ki te bay atlèt la pwodui a

Repons: c. Atlèt la

Eksplikasyon: *Atlèt la toujou responsab pou sa yo jwenn nan kò li, menm si li te itilize yon pwodui ki entèdi pa aksidan, oubyen si moun ki te ba li pwodui a te di li pwodui a san danje. Sa gen arevwa avèk prensip responsabilite estrik. Si yon atlèt pa genyen asirans 100% sou engredyan yo oubyen li pa genyen asirans sou estatid yon pwodui – yo pa dwe pran yo anvan yo verifye lis pwodui ki entèdi yo, oubyen anvan yo mande Federasyon Entènasyonal yo (IF) oubyen Òganizasyon Nasyonal Anti-Dopaj (NADO).*

7 ▶ **Kesyon:** E si medsen mwen dwe trete mwen avèk yon medikaman?

- Medsen an dwe verifye si medikaman an genyen pwodui ki entèdi
- Nenpòt sa yon medsen ban mwen, li san danje
- Si mwen teste pozitif pou yon medikaman medsen mwen te ban mwen, se fòt medsen an
- Si se pou rezon medikal, mwen kapab pran nenpòt sa ki nesèsè

Repons: a. Medsen an dwe verifye si medikaman an genyen pwodui ki entèdi

Eksplikasyon: *Medsen an dwe verifye si medikaman an genyen yon pwodui ki entèdi pou atlèt. Si li genyen e si pa genyen yon lòt tretman ki posib, donk atlèt la dwe mande yon Egzanmsyon pou Itilizasyon Terapetik avèk dokiman ki jistifye tretman an. Medsen yo pa toujou konnen pwosesis yo, se pou sa li nenpòtan pou ou di medsen ou ou se yon atlèt donk, genyen règ anti-dopaj ki konsène ou.*

8 ▶ **Kesyon:** Èske antrenè mwen oubyen yon moun mwen chwazi kapab vini avèk mwen nan sant kontwòl pou dopaj la?

- Wi
- Sèlman si mwen se yon jinyò
- Sèlman si Ofisye Kontwòl pou Dopaj la te mande yon reprezantan pou li la
- Yon moun pa janm kapab akonpaye yon atlèt nan sant kontwòl pou dopaj

Repons: a. Wi

Eksplikasyon: *Yon atlèt kapab genyen yon moun tankou, yon paran, yon antrenè, anplwaye ekip li oubyen medsen ki akonpaye li nan sant kontwòl pou dopaj si li vle. Tout atlèt ki minè dwe genyen moun ki akonpaye yo nan sant kontwòl pou dopaj. Si pa genyen yon moun ki pou akonpaye yon atlèt ki minè, ofisye kontwòl pou dopaj la kakab chwazi yon moun pou akonpaye li. Yon atlèt kapab genyen tou yon èd pou kominikasyon oubyen yon entèprèt si sa nesèsè e si gen resous moun pou sa ki disponib.*

9 ▶ **Kesyon:** Kilès ki gen dwa reyalize yon kontwòl pou dopaj?

- Yon Ofisye Kontwòl pou Dopaj ki kapab montre idantifikasyon li avèk prèv otorizasyon ki soti nan yon Òganizasyon Anti-Dopaj.
- Nenpòt antrenè
- Nenpòt doktè
- Nenpòt ofisye polis

Repons: a. Yon Ofisye Kontwòl pou Dopaj ki kapab montre idantifikasyon li avèk prèv otorizasyon ki soti nan yon Òganizasyon Anti-Dopaj.

Eksplikasyon: *Se sèlman yon ofisye kontwòl pou dopaj akredite ki gen dwa kondui yon kontwòl pou dopaj. Moun sa a dwe pwouve li se yon ofisye kontwòl pou dopaj e genyen yon òganizasyon anti-dopaj ki te komisyone li pou kondui kontwòl pou dopaj.*

- 10 ▶ Kesyon:** Èske dopaj kapab genyen yon enpak sou devlopman mwen?
- Wi, pwodui pou dopaj kapab genyen yon enpak dirèk sou devlopman ou
 - Non, li sèlman kapab ba ou bouton (akne) ki move anpil
 - Non, li kapab genyen yon konsekans lè ou pi gran
 - Non, li kapab genyen yon enpak sèlman sou ògan entèn yo

Repons: a. Wi, pwodui pou dopaj kapab genyen yon enpak dirèk sou devlopman ou

Eksplikasyon: *Dopaj kapab genyen anpil efè segondè. Youn nan efè segondè yo, se yon enpak sou devlopman ou ak devlopman fizik ou. Tout lòt efè segondè ki site nan repons ki posib yo vre tou. Youn nan rezon ki fè pwodui pou dopaj yo entèdi, se paske yo kapab genyen konsekans ki grav sou sante moun ki itilize yo.*

- 11 ▶ Kesyon:** Èske mwen kapab refize fè yon tès?
- Non
 - Wi, si mwen genyen angajman fanmi mwen
 - Wi, si mwen twò okipe
 - Wi, si mwen genyen obligasyon pou lekòl mwen

Repons: a. Non

Eksplikasyon: *Atlèt pa kapab refize fè tès kontwòl pou dopaj. Si yon atlèt refize, sanksyon li kapab jwenn ka menm avèk si li teste pozitif – pa egzanp posibilite pou li pa patisipe nan okenn konpetisyon espò. Se paske atlèt ki dope ta kapab senpleman refize fè tès e òganizasyon pa ta janm dekouvri yo e yo pa ta janm jwenn sanksyon.*

- 12 ▶ Kesyon:** Kibò mwen kapab jwenn bon jan enfòmasyon sou anti-dopaj?
- Federasyon Entènasyonal yo, Òganizasyon Nasyonal Anti-Dopaj yo, Ajans Mondyal Kont Dopaj la
 - Entènèt la
 - Magazin sou misk oubyen sou espò
 - Zanmi mwen yo

Repons: a. Federasyon Entènasyonal yo, Òganizasyon Nasyonal Anti-Dopaj yo, Ajans Mondyal Kont Dopaj la

Eksplikasyon: *Federasyon Entènasyonal yo (IFs: International Federations), Òganizasyon Nasyonal Anti-Dopaj yo (NADOs: National Anti-Doping Organizations) ak Òganizasyon Rejyonal Anti-Dopaj yo (RADOs: Regional Anti-Doping Organizations), Komite Nasyonal Olenpik ak Federasyon Nasyonal yo kapab bay atlèt yo enfòmasyon sou tout aspè kontwòl pou dopaj, reponn kesyon atlèt yo sou lis pwodui ki entèdi yo, di yo kote pou yo aplike pou Egzanmsyon pou Itilizasyon Terapetik (TUEs: Therapeutic Use Exemptions). Ajans Mondyal Anti-Dopaj la (WADA: World Anti-Doping Agency), se yon sous pou enfòmasyon tou.*

- 13 ▶ Kesyon:** Kijan kontwòl sou dopaj parèt?
- Yon ofisye kontwòl pou dopaj avize mwen pou mwen bay yon echantiyon
 - Mwen genyen pou mwen bay nan cheve mwen
 - Mwen genyen pou mwen kanpe sou zòtèy mwen avèk koud goch mwen sou jenou dwat mwen
 - Tout sa ki pi wo yo

Repons: a. Yon ofisye kontwòl pou dopaj avize mwen pou mwen bay yon echantiyon

Eksplikasyon: *Lè yo chwazi ou pou ou fè tès pou dopaj, yon Ofisye Kontwòl pou Dopaj ap vini kote ou. Ou prale avèk li nan Sant Kontwòl pou Dopaj la. Ap genyen yon ti fòmilè pou ou ranpli, ou ap chwazi yon kit (yon bwat ak 2 boutèy plis yon tas) pou ou kolekte echantiyon ou ap bay la. Apre sa ou prale nan yon tvalèt, ou ap pipi nan yon tas an prezans yon moun ki genyen menm sèks avèk ou (pou asire pipi a se pipi ou). Nan kèk ka, yo kapab mande ou bay yon echantiyon san tou. Ou gen pou ou retounen nan Sant Kontwòl pou Dopaj la, ranpli boutèy ou te pran yo epi kachte yo. Yon lòt ti fòmilè an plis, e ou fini. Fasil tankou 1-2-3!*